

**KESYON YO POZE SOUVAN SOU KOMISYON
KONTWÒL BWASON KI GEN ALKÒL
MIZAJOU ETE 2022**

Komisyon Kontwòl Bwason Alkoolik (Alcoholic Beverages Control Commission, "ABCC") responsab pou sipèvize kondwit fabrikasyon, enpòtasyon, ekspòtasyon, depo, transpò ak vann bwason ki gen alkòl. ABCC pibliye kesyon moun poze souvan pou oryante otorite lokal ki gen lisans yo (Local Licensing Authorities, LLAs), manm endistri yo ak piblik la an jeneral sou kèk nan kesyon yo poze ABCC pi souvan. Yo pa dwe konsidere anyen nan dokiman sa a kòm konsèy legal, men pito yo ta dwe itilize lòt yon zouti pou ede moun konprann lwa sou alkòl ki pafwa konplike nan Eta Massachusetts.

Dokiman sa a divize an de seksyon: (1) kesyon ki gen rapò ak endistri an detay sou bwason ki gen alkòl; epi (2) kesyon ki gen rapò ak endistri sou bwason ki gen alkòl nan eta a.

Remake byen chak fwa yo site yon lwa nan nimewo seksyon an ("§"), sa gen pou wè ak yon atik Lwa sou kontwòl bwason ki gen alkòl nan Massachusetts, M.G.L. c. 138, sòf si yo endike yon lòt bagay.

LISANS ALKÒL AN DETAY

PWOSESIS LISANS LA

1. Ki lè yon moun bezwen yon lisans alkòl?

Seksyon a 2 entèdi komèsyalizasyon, depo, transpòtasyon, enpòtasyon, ekspòtasyon, fabrikasyon avèk entansyon pou vann, detansyon pou vann ak ekspozisyon pou komèsyalize san yon lisans. Si yon moun fè aktivite sa yo san lisans, yo vyole Chapit 138 la epi yo ka pouswiv ak yon chaj kriminèl.

Ou dwe konnen dapre atik § 41 an yo konsidere nenpòt livrezon bwason ki gen alkòl an pati oswa nan nenpòt kote ki pa yon kay pèsonèl se yon vant.

2. Ki moun ki bay Restoran ak Boutik yo lisans?

LLA bay lisans an detay pou konsomasyon sou plas dapre Seksyon 12 (Restoran, Otèl, Klèb, Klèb ansyen konbatan, Kote ki gen moun ki deja pran retrèt yo ki toujou ap resevwa swen), atik 19B(n), 19C(n) ak 19E(o) (pèmi pou kiltivatè k ap travay yo), ak pou konsomasyon deyò lokal la anba Seksyon 15 lan (makèt, ki gen ladan boutik makèt ak magazen pratik).

Pwosesis lisans pou Atik 15 lisans lokal ak pake magazen an gen twa etap:

- 1) LLA bay yon lisans pou vant an detay;
- 2) ABCC apwouye otorizasyon lisans sa a;
- 3) LLA otorize lisans lan apre peman frè lisans yo.

3. Konbyen klasifikasyon lisans yo vann an detay ki genyen?

LLA otorize twa klasifikasyon lisans pou vann an detay:

- 1) Lisans selon §§ 12, 19B(n), 19C(n) ak 19E(o) (sou plas), yo rele souvan "lisans pouring" (pa egzant restoran, otèl, klèb, pansion, klèb veteran, kote ki gen moun ki deja pran retrèt yo, men ki toujou ap resevwa swen, pèmi pou kiltivatè k ap travay yo);
- 2) Lisans selon Atik 14 (Espesyal), yo rele souvan "lisans yon sèl jou"; ak
- 3) Lisans Seksyon 15 (deyò lokal), yo rele souvan "lisans pake magazen," ki ka itilize nan divès kalite biznis (egzant, pake magazen, makèt, ak magazen pwodui yo).

4. Ki kat kategori lisans pou bwason ki gen alkòl?

Lisans bwason ki gen alkòl tonbe nan youn nan kat kategori:

- 1) Tout bwason ki gen alkòl (diven, malta alkoolize ak bwason distile)
- 2) Diven sèlman
- 3) Sèlman malta alkoolize
- 4) Diven ak malta alkoolize

Nan kèk vil ak vilaj ki vote pou aksepte yon lwa eta espesifik, biznis ki gen yon lisans pou diven ak malta alkoolize dapre seksyon 12 la, ansanm ak yon lisans bwason komen ka resevwa yon pèmi pou vann likè tou. LLA dwe otorize lisans sa a pou likè ak apwobasyon ABCC.

5. Konbyen diferan kalite lisans fabrikasyon ki genyen?

Gen sèt diferan kalite lisans pou depoze. Yo se: Otèl, Restoran, Pansion, klèb, etablisman jeneral sou plas, Kote yo bay moun ki pran retrèt swen, klèb Veteran, ak Etablisman agrikòl.

6. Èske gen yon kondisyon pou jwenn yon lisans pou vann alkòl?

Wi. Kalifikasyon sa yo fikse atravè lejislasyon an. Kalite ak kantite kalifikasyon ki nesesè pou jwenn yon lisans bwason depann de idantite pati k ap aplike pou lisans likè a (sa vle di si pati a se yon moun, yon patenarya, yon sosyete ak responsablite limite oswa yon sosyete) ak kalite lisans likè yo mande a.

a. *Lisans "Pouring" anba Seksyon 12*

An jeneral, yon moun k ap aplike pou yon "lisans pouring" dapre Seksyon 12 la dwe yon sitwayen ameriken epi li dwe gen 21 an oswa plis. Yon patenarya ka genyen yon lisans bwason ki gen alkòl si chak patnè yo se yon sitwayen ameriken epi si l gen 21 an oswa plis.

Yon konpayi ka gen yon lisans bwason ki gen alkòl depi majorite nan direktè yo pa etranje epi moun ki gen lisans lan nonmen yon manadjè ki se yon moun ki gen plis pase 21 an, ki se yon sitwayen Ameriken dapre seksyon 26 la, "yo te atribiye l atravè yon delegasyon alekri ki otorize ak egzekite kòmsadwa, tout otorite ak kontwòl lokal la, ki dekri nan lisans konpayi sa a ak pèfòmans nan tout biznis ki gen rapò ak bwason ki gen alkòl moun ki gen lisans [biznis la] lan te kapab genyen epi egzekite nenpòt fason si l se yon moun toutbon". LLA ak ABCC dwe apwouye Manadjè lisans sa a konsènan repitasyon li.

Yon konpayi responsablite limite (LLC) kapab genyen yon lisans likè tou. ABCC aplike kondisyon legal sitwayènte ak rezidans kòporasyon yo bay LLCs. Se poutèt sa règ legal pou direktè yon sosyete aplike nan pozisyon analòg nan LLC. ABCC konpare direktè ki nan yon sosyete ak manadjè ki nan yon konpayi ak responsablite ki limite. Se poutèt sa, LLC ka kenbe yon lisans alkòl konsa ak kondisyon majorite nan manadjè ki nan LLC a pa etranje. ABCC konpare moun ki fè aksyon nan yon sosyete ak manm LLC yo. Pa gen okenn kondisyon legal konsènan sitwayènte ak rezidans pou moun ki fè aksyon yo nan yon sosyete, menmjan tou pa gen okenn kondisyon legal konsènan sitwayènte ak rezidans pou manm LLC yo. Yon aplikan ki se yon LLC dwe nonmen yon manadjè lisans jan sa espesifye nan § 26.

Yo p ap bay yon lisans "pouring" § 12 pou yon aplikan yo te kondane pou vyolasyon nenpòt lwa federal oswa leta poutèt dwòg. Pa gen okenn limit tan apre diskalifikasyon sa a fini.

b. *Lisans pou "Koli Magazen" dapre Seksyon 15 lan*

Anjeneral, yon moun k ap aplike pou yon lisans "koli magazen ki pwodiktif" oswa "koli magazen" (sa vle di, yon lisans pou vann an detay bwason ki gen alkòl ki pa dwe konsome nan lokal kote yo vann yo) dwe yon sitwayen ki rezide nan Commonwealth Massachusetts e li dwe gen 21 ane oswa plis. Yon patenarya ka genyen yon lisans bwason alkoolize si chak patnè yo se yon sitwayen ak rezidans nan Commonwealth Massachusetts epi li gen 21 ane oswa plis.

Yon sosyete ka gen yon lisans likè konsa toutotan sosyete a òganize dapre lwa Commonwealth Massachusetts, tout direktè sosyete dwe sitwayen ameriken, epi majorite direktè sosyete a dwe rezide Ozetazini nan Eta Commonwealth Massachusetts. Yon konpayi ki gen yon lisans konsa dwe nonmen yon manadjè ki gen lisans e l dwe yon moun toutbon ki gen 21 an

oswa ki pi gran, ki se yon sitwayen ameriken epi dapre seksyon 26 la "yo te transfere l [oswa li], atravè yon delegasyon alekri ki otorize ak egzekite kòmsadwa, otorite ak kontwòl konplè sou lokal la, ki dekri nan lisans konpayi sa a, ak konduit tout biznis ki gen rapò ak bwason ki gen alkòl tankou sa [sosyete] a te ka genyen oswa eksperimente si l se yon moun toutbon". ABCC ak LLA dwe apwouve Manadjè ki gen lisans sa a konsènan repitasyon l.

Yon LLC ka genyen yon lisans likè konsa toutotan LLC a entegre anba lwa Commonwealth nan Massachusetts. ABCC aplike kondisyon legal sitwayènte ak rezidans kòporasyon yo bay LLCs. Se poutèt sa, règ estanda pou direktè ki nan yon sosyete aplike pou menm pozisyon an nan LLC. ABCC konpare direktè ki nan yon sosyete ak manadjè ki nan yon konpayi ak responsablitè ki limite. Se poutèt sa, yon LLC ka gen yon lisans likè menmjan ak tout administratè ki nan LLC ki se sitwayen ak majorite nan manadjè yo ki se rezidan Massachusetts. ABCC konpare moun ki fè aksyon nan yon sosyete ak manm LLC yo. Pa gen okenn kondisyon legal konsènan sitwayènte ak rezidans pou moun ki fè aksyon yo nan yon sosyete, menmjan tou pa gen okenn kondisyon legal konsènan sitwayènte ak rezidans pou manm LLC yo. Yon aplikan ki se yon LLC dwe nonmen yon manadjè lisans jan sa espesifye nan § 26.

Yo p ap otorize okenn lisans pou okenn aplikan yo te kondane pou yon krim.

Finalman, "pa gen okenn biznis, sosyete, asosyasyon, oswa lòt koneksyon dirèkteman oswa endirèkteman oswa atravè nenpòt ajan, anplwaye, aksyonè, ofisyè oswa lòt moun oswa nenpòt afilye yo dwe akòde an jeneral plis pase 9 lisans nan Commonwealth la oswa plis pase yon lisans yo pral akòde nan yon vil oswa nan yon vilaj."

c. "Lisans espesyal" selon seksyon 14 la

Yo ka bay manadjè ki responsab biznis oswa aktivite andedan oswa deyò yo "lisans espesyal" pou sèvi likè nan yon aktivite oswa biznis andedan kou deyò. Se LLA nan vil la ki bay lisans sa kote aktivite oswa konpayi an dwe fèt. Yo ka bay kalite lisans sa a sèlman pou yon moun toutbon, byenke moun sa a ka yon moun k ap aji nan non yon sosyete, yon patenary oswa yon lòt antite. Okenn moun pa ka akòde lisans sa yo ki pèmèt lavant pou plis pase 30 jou an total pou chak ane kalandriye. Pa gen okenn lisans espesyal, eksepte nan yon kantite ka ki limite anpil (pa egzanp, yon lisans espesyal pou yon salamanje ki opere atravè yon enstitisyon edikasyon entegre ki otorize pou bay diplòm), ki p ap pèmèt lavant pandan plis pase 30 jou. Yon lisans espesyal pou teren gòlf minisipal ka pèmèt lavant pou yon total jiska 245 jou chak ane, oswa soti nan nenpòt bilding minisipal la posede ki opere ansanm ak yon tèren gòlf ki gen 18 twou.

i. Lisans espesyal selon seksyon 14 la pou tout bwason ki gen alkòl

Lisans espesyal pou vann tout bwason ki gen alkòl, diven oswa malta, oswa nenpòt nan bwason sa yo, se sèlman otorite lokal yo ki gen dwa bay yon moun ki gen laj omwen 21 an aji nan non yon òganizasyon ki pa fè pwofi. Pa gen okenn lòt moun yo ka bay yon lisans espesyal pou vann tout bwason ki gen alkòl.

ii. Lisans espesyal selon seksyon 14 la pou diven ak/oswa malta

Otorite lokal yo ki an chaj pou akòde lisans espesyal pou vann diven, malta oswa toude ka bay nenpòt moun li. Yo ka bay kalite lisans espesyal sa a yon moun ki gen plis pase 21 an ki fè yon aktivite oswa yon konpayi pou pwofi.

Tanpri sonje yo p ap akòde okenn lisans espesyal nan seksyon 14 la bay okenn moun toutotan aplikasyon lisans anyèl oswa sezón selon seksyon 12 la an annatant devan LLA oswa ABCC.

7. Èske aplikan lisans an detay yo entèdi pou yo kenbe yon lisans bwason ki gen alkòl si yo te kondane pou yon krim?

Wi. Yo pa ka bay yon moun "lisans pouring" selon Seksyon 12 la "ki te kondane poutèt li vyole yon lwa federal oswa lwa leta sou dwòg".

Yo pa ka bay yon lisans "koli boutik" § 15 "a nenpòt aplikan yo te kondane pou yon krim."

8. Kisa sistèm kota a ye?

Seksyon 17 mete yon restriksyon, souvan refere yo kòm yon "kota" sou kantite seksyon 12 lisans pouring ak Seksyon 15 lisans gwoup yoka akòde pou yon vil. Kota a baze sou popilasyon ki nan minisipalite a ki anrejistre nan dènye resansman federal la.

Pi resan resansman federal la te fèt nan ane kalandriye 2020. ABCC te fè chak vil ak eta konnen Kota lisans ki te detèmine atravè dènye resansman sa a. Yo ka voye kesyon sou kota sa a ak nouvo lisans ki disponib yo bay ABCC oswa LLA nenpòt vil oswa vilaj.

9. Ki distans ki dwe genyen ant yon biznis likè ak yon legliz oswa lekòl?

Pa gen distans espesifik. Sepandan, dapre seksyon 16C, lokal ki nan 500 pye yon lekòl oswa yon legliz pa gendwa gen lisans pou vann bwason ki gen alkòl sof si LLA deside sa

alekri epi apre yon odyans ki fè konnen lokal yo pa gen move panse sou aktivite edikatif ak espirityèl pou legliz oswa lekòl sa a sof si lokal yo se yon pwopriyetè oswa yon pati nan biling yo sitiye apati dis etaj oswa ki pi wo pase nivo lari a. Distans 500 pye anba seksyon 16C sa a mezire nan yon liy dwat ki soti nan pwen ki pi pre legliz la oswa lekòl la rive nan pwen ki pi pre lokal pou gen lisans lan, jan sa endike nan regleman 204 CMR 2.11 ABCC a.

10. Konbyen tan yon moun ki gen lisans genyen pou l fè apèl kont yon desizyon LLA devan ABCC?

Moun ki gen lisans gen senk jou apati lè l resevwa desizyon alekri a pou l fè apèl kont yon desizyon LLA devan ABCC.

11. Konbyen tan yon moun ki gen lisans genyen pou l fè apèl kont yon desizyon ABCC, epi kiyès yo dwe adrese apèl la?

Moun ki gen lisans lan gen trant (30) jou kalandriye apati lè l resevwa desizyon alekri ABCC pou l fè apèl kont desizyon an devan Tribunal Siperyè.

12. Ki rezon ki pi komen pou yo refize aplikasyon lisans oswa retounen san yo pa trete?

Rezon ki pi komen aplikasyon lisans yo refize oswa retounen san yo pa trete yo se:

- 1) Aplikasyon ki pa konplè;
- 2) Yo dwe bay eta a taks yo Depatman Trezò a ak/oswa Divizyon Asistans Chomaj la;
- 3) Anketè a pa t kapab ranpli rapò a apre plizyè tantativ pou jwenn enfòmasyon nan men aplikan an; oswa
- 4) Vil la/kota vil la plen.

13. Èske yon revandè ka vann bwason ki gen alkòl atravè vant piblik?

Yon koli magazen § 15 ka vann diven, malta ak bwason distile atravè vant piblik dapre § 14A sèlman si koli magazen an aplikab pou l resevwa lisans ki apwopriye nan men LLA ak apwobasyon ABCC alavans.

Vant piblik sa yo dwe fèt sèlman kote ki dekri nan lisans vant piblik la, men yo ka gen lisans pou yo fèt nan "lokal ki se prensipal kote biznis aplikan an oswa katye jeneral la epi ki nan zòn legal pou pèmèt lavant sa yo oswa se lokal yon moun ki gen lisans selon seksyon 12 oswa seksyon 15 nan chapit 138 nan M.G.L."

Lwa a enpoze yon kantite restriksyon ak kontwòl sou lisans vant piblik la, youn nan yo mete restriksyon sou kantite tan li dire ak kantite lisans vant piblik yo ka akòde nan nenpòt koli magazen. Pa gen okenn lisans vant piblik "k ap dire plis pase dis jou kalandriye youn apre lòt epi pa gen okenn moun ki gen lisans tanporè yo dwe akòde plis pase de lisans tanporè nan yon ane kalandriye."

14. Èske yon machann ka sèvi ak lisans li pou garanti yon prè?

Wi, men sèlman nan sèten kondisyon. Seksyon 23 di "nenpòt lisans yo akòde dapre dispozisyon chapit sa a ka pwomèt pou yon prè, depi prè ak pwomès sa yo apwouve selon otorite lokal lisans lan ak Komisyon [ABCC]".

15. Ki diferan kalite pwopriyete likè yo ka bay?

Lwa a pèmèt pou yo garanti twa kalite byen/pwopriyete alkòl. Yo gen ladan:

- 1) Lisans ki otorize vant bwason ki gen alkòl;
- 2) Aksyon konpayi ki nan yon sosyete ki gen yon enterè ki benefisyé nan yon lisans pou vann bwason ki gen alkòl; epi
- 3) Bwason ki gen alkòl yon moun ki gen lisans gen otorizasyon pou vann.

16. Ki dat limit pou soumèt renouvèlman mwen an?

Dapre atik 16A, renouvèlman atik 12 ak atik 15 sou lokal yo dwe soumèt nan mwa Novanm.

FONKSYONMAN BIZNIS LAN

17. Èske LLA yo kreye yon lè pou sèvi restoran yo bwason ki gen alkòl nan wikenn yo?

Jiska yon limit. Lwa Eta Massachusetts di yo pa ka entèdi moun ki gen lisans § 12 pou sèvi alkòl ant 11:00 a.m. ak 11:00 p.m. LLAs ka bay orè ouvèti ki pwolonje ant 8:00 a.m. ak 11:00 a.m. ak orè fèmti ki pwolonje ant 11:00 p.m. ak 2:00 a.m. Pa gen okenn fason yo ka fè lavant ant 2:00 ak 8:00.

18. Ki lè dimanch yon magazen koli § 15 ka ouvri?

Moun ki gen yon lisans koli magazen/makèt/magazen konvenyans § 15 la chwazi lè lavant yo dimanch, depi lavant lan pa kòmanse pi bonè pase 10:00 a.m. epi pa fini pita pase 11:00 p.m., oswa nan 11:30 p.m. yon jou anvan yon jou ferye ki legal.

19. Ki lè dimanch yo ka louvri yon lisans pouring?

Yon lisans pouring § 12 ka louvri dimanch a 12:00. Eksepsyon sa a se si otorite lokal lisans lan aksepte M.G.L. c. 138, § 33B, ka otorize yon restoran, otèl, klèb oswa pansyon ki louvri apre 10:00 a.m.

20. Si yon restoran detanzantan manke yon pwodwi popilè nan yon sware kote yo gen anpil moun, èske manadjè a ka abandone yon magazen anbalaj epi achte kèk boutèy pou reponn demand kliyan yo tanporèman?

Non. Tout etablisman vant an detay pou moun ki gen lisans, sa gen ladan moun ki gen lisans espesyal (sa yo rele "lisans jou"), dwe achte likè yo nan men yon vandè Massachusetts ak/oswa moun ki gen lisans manifakti.

21. Èske yon distribitè ka jwenn yon pèmi transpò pou transfere pwodwi soti nan yon magazen anbalaj al nan yon lòt?

Non. Alkòl yon magazen pakè kòmande dwe rete nan lokal ki gen lisans, menm si moun ki gen lisans lan gen plis pase yon magazen pakè.

22. Èske tout moun ka pote pwòp byè, diven oswa lòt bwason ki gen alkòl nan yon etablisman (sa yo rele "BYOB")?

Nan pifò ka non, si etablisman an gen yon lisans pou vann bwason ki gen alkòl. Si etablisman an gen lisans pou vann bwason ki gen alkòl, pèsonn pa gen dwa pote pwòp byè, diven, oswa lòt bwason ki gen alkòl nan lokal la pou konsomasyon prive yo (yo rele "BYOB" oswa "brown-bagging"). Si etablisman an pa gen lisans pou vann bwason ki gen alkòl, verifye avèk vil/vilaj kote etablisman an ye a pou wè si gen nenpòt lwa lokal ki kontwole pou pote pwòp alkòl yo nan yon etablisman pou konsomasyon pèsònèl.

Sèl si se yon klèb prive selon atik 12 la. Yon klèb ka pèmèt manm li yo pote nan lokal lisans li yo diven yo achte legalman, yo ka konsome l nan lokal la ak manje yo achte nan klèb la. Si yon klèb pèmèt manm li yo pote diven nan lokal kote li otorize a, yo dwe ranpli plizyè kondisyon:

- manm lan gendwa pote diven sèlman nan lokal la, men malta, alkòl ak/oswa likè pa ladan;
- manm nan dwe achte yon manje nan klèb la epi konsome diven an ak manje sa a;
- nan tout tan, klèb la dwe kontwole manipilasyon an, sèvis la ak distribisyon bwason an. diven;
- yo dwe remèt kliyan an boutèy diven ki pokò ouvri yo, yo dwe retire yo nan lokal la lè yo fin konsome, epi yo dwe resele l epi boutèy diven ki louvri e ki pokò fini yo dwe an akò ak lwa 204 CMR 2.18 ak M.G.L. c. 90, § 24I; epi
- klèb la dwe chaje yon frè ki rezonab pou bouchon an omwen \$30.00 pou chak boutèy diven ki ouvè.

23. Èske yo ka sèvi oswa vann "byè ki pa gen alkòl" bay moun ki pokò gen 21 ane?

Petèt. Lwa ki Kontwole Likè Eta, M.G.L. Chapit 138, kontwole "bwason ki gen alkòl" jan yo defini sa nan lwa a. Lwa a defini "bwason ki gen alkòl" kòm "nenpòt likid ki fèt pou konsomasyon imen antanke yon bwason epi ki gen mwatye 1 poustan oswa plis alkòl atravè

volim nan swasant degré Fahrenheit". Kidonk, si yon pwodui konpoze oswa fabrike pou li genyen 1/2% oswa plis alkòl atravè volim swasant degré Fahrenheit, li se yon "bwason ki gen alkòl" epi y ap soumèt li anba Lwa Ki kontwole likè a. Si yon pwodwi konpoze oswa fabrike pou gen mwens pase 1/2% alkòl atravè volim swasant degré Fahrenheit, li pa yon "bwason ki gen alkòl" epi yo pap soumèt li anba lwa ki kontwole likè a.

Yon vil oswa yon vilaj kapab kontwole yon pwodwi ki pa yon "bwason ki gen alkòl" dapre Chapit 140 Lwa M.G.L. Konsa, ou ta dwe verifye tou lwa lokal yo nan chak vil oswa vilaj konsènan "byè ki pa gen alkòl".

24. Èske yon moun k ap manje poukont li nan yon restoran ka mande yon vè byè pou akonpaye repa yo?

Non. Si yo te dakò fè sa a epi yo te remèt li vè byè a oswa si yo te onore demann sa, sa t ap yon vyolasyon kont règ ABCC yo souvan refere yo kòm règ "Lè Aperitif", 204 CMR 4.00. Regleman sa a entèdi vann oswa fè livrezon malta oswa bwason ki melanje eksepte pou de oswa plis moun an menm tan. Lwa Lè Aperitif la (Happy Hour) tou entèdi vann oswa fè livrezon plis pase de bwason bay yon sèl moun.

25. Èske yon moun k ap manje poukont li nan yon restoran ka kòmande yon boutèy diven pou akonpaye manje yo?

Wi. Eksepsyon nan regleman "Lè Aperitif la" pèmèt yon moun achte yon boutèy diven ak yon repa. Sinon, nan absans yon repa, yon boutèy diven ta dwe sèlman sèvi ak de oswa plis moun. Si moun nan vle pran diven ki rete a nan lokal moun ki gen lisans lan § 12, dwe respekte regleman 204 C.M.R. 2.18 nan ABCC konsènan refèmen boutèy diven yo te deja ap konsome a.

26. Ki laj ou dwe gen pou w travay nan yon bar?

Omwen 18 ane. Malgre seksyon 34 entèdi vann oswa fè livrezon bwason ki gen alkòl bay yon moun ki poko gen 21 an, pa gen anyen nan seksyon 34 ki entèdi yon moun ki gen lisans pou anplwaye yon moun ki gen 18 an oswa plis pou manipalasyon dirèk, vann, melanje oswa sèvi alkòl dirèk oswa bwason ki gen alkòl

27. Ki fòm idantifikasyon ki akzeptab pou montre yon moun gen 21 an oswa plis pou yo ka sèvi, delivre oswa pèmèt yo posede oswa achte bwason ki gen alkòl yo?

Si yon moun ki poko gen 21 an akize yon moun ki gen lisans pou pèmèt li sèvi, fè livrezon oswa posesyon bwason ki gen alkòl, dapre lwa aktyèl eta a, moun ki gen lisans lan gen yon defans sèlman si li kapab montre sa anvan l pèmèt sèvis la, livrezon an oswa posesyon

bwason ki gen alkòl ki fèt atravè yon moun, yo mande pou moun ki gen lisans lan montre lisans lan, li montre l, yo egzamine l e yo te fè nenpòt nan yo konfyans:

- 1) Yon lisans chofè Massachusetts;
- 2) Yon kat idantifikasiyon likè Massachusetts;
- 3) Yon kat idantifikasiyon Massachusetts;
- 4) Yon paspò Ameriken oswa yon paspò gouvènman Etazini ofisyèlman rekònèt;
- 5) Yon kat paspò pou yon paspò ki fèt Etazini; ak
- 6) Yon kat idantifikasiyon militè.

Si moun ki gen lisans lan depann sou nenpòt lòt fòm idantifikasiyon pou detèmine laj li sa pa yon defans.

Ni lwa ki kontwole likè eta ni regleman ABCC yo pa egzije prèv idantifikasiyon antanke yon kondisyon pou vann oswa livre yon bwason ki gen alkòl bay okenn moun (eksepte nan ka sèten livrezon kay konsomatè yo oswa nan biwo yo). Chak moun ki gen lisans dwe deside poukонт yo ki politik pou yo etabli konsènan verifikasyon idantifikasiyon anvan yo aksepte kòmand yo, vann ak fè livrezon bwason ki gen alkòl.

Se poutèt sa, byenke yon moun ki gen lisans ka chwazi konte sou nenpòt fòm idantifikasiyon pou montre laj li, se sèlman sis fòm idantifikasiyon espesifik sa yo ki founi yon defans kont yon akizasyon sèvis, livrezon oswa posesyon bwason ki gen alkòl pou yon moun ki pokò gen 21 an.

28. Si yon kliyan pap kondwi, èske se enpòtan kantite bwason yo sèvi l?

Wi. Lwa Eta Massachusetts entèdi sèvis bwason ki gen alkòl bay yon kliyan entoksike dapre § 69 la. Lwa Eta Massachusetts entèdi sèvis bwason ki gen alkòl bay yon kliyan ki entoksike dapre seksyon § 69 la.

29. Èske yo pèmèt goute alkòl nan Massachusetts?

Wi. Goute sa yo ka fèt sèlman nan etablisman pou moun ki gen otorizasyon dapre Seksyon 15 ("coli magazen") oswa nan restoran, otèl oswa sal resepsyon ki gen lisans dapre § 12 la. Chak ti goute alkòl dwe fèt annakò ak kondisyon ki tabli nan atik 138 la.

Moun ki gen lisans nan bwason agrikòl yo (rezen, brasri ak vidanj) ka ofri echantyon gratis pou pwòp mak alkòl pa yo nan lokal yo.

30. Èske restoran, otèl, sal resepsyon yo ak magazen anbalaj yo dwe swiv sèten kondisyon lè yo òganize yon ti goute diven, malta ak alkòl?

Wi. Restoran, otèl, ak sal resepsyon ki gen diven, bwason malta ak ti goute dwe bay manje plis bwason ki gen alkòl epi yo pa dwe kòmande okenn konsomasyon deyò lokal yo. Manadjè ki nan restoran an, otèl la oswa sal resepsyon an responsab pou kontwole sa

distribisyon bwason ki gen alkòl ak gwosè chak pòsyon limite a kantite sa yo:

- Malta alkoolize yon pòsyon ki gen (2) onz
- Bwason ki fèt ak diven: yon pòsyon ki gen (1) ons
- Bwason Espirit Alkoolize - yon pòsyon ki gen (1/4) ons

Magazen anbalaj yo pa kapab fè frè pou goute diven, malta oswa espirit alkoolize epi yo dwe limite gwosè pòsyon ki endike anwo a. Tout bwason ki gen alkòl pou goute yo dwe disponib tou pou vann nan lokal sa yo.

Moun ki gen lisans Seksyon 12 (sou plas) yo dwe peye pou bay echantyon pou goute epi yo dwe tou sèvi manje a an menm tan.

31. Èske etablisman diven ak malta ki gen lisans dapre § 12 la (sou plas) ka sèvi likè?

Wi, avèk apwobasyon davans LLA ak ABCC. Seksyon 12 la pèmèt vil yo ak vilaj ki vote pou aksepte dispozisyon Lwa a pou otorize etablisman restoran publik ki gen otorizasyon pou vann diven ak malta alkoolize selon Seksyon 12 la pou yo vann likè tou, sou rezèv apwobasyon LLA ak ABCC.

32. Èske yon moun ki gen lisans "coli magazen" selon Atik 15 lan ka aksepte kòmand kliyan li yo epi delivre yo, sa gen bwason ki gen alkòl, pou kliyan?

Wi. Sepandan, pou livre kòmand kliyan yo, moun ki gen otorizasyon an pral oblige jwenn yon Pèmi Transpò § 22 nan men ABCC pou transpòte epi fè livrezon likè moun ki gen lisans komèsyalizasyon an dirèkteman bay kliyan li yo. Lè w ap fè livrezon kòmand bwason ki gen alkòl, chak chofè dwe pote pèmi sikilasyon an oswa yon kopi sètifikasyon l.

Moun ki gen lisans koli magazen yo ka travay tou avèk moun ki gen lisans transpò eksprès pou transpòte alkòl yo bay kliyan magazen yo.

LISANS KLÈB

33. Èske "klèb ki gen lisans yo" ka sèvi moun ki pa manm yo?

Non. Klèb yo ka sèvi sèlman manm klèb yo bwason ki gen alkòl. Sepandan, sou rezèv a regleman LLA te fè, yo ka sèvi yon moun yon manm te envite bwason ki gen alkòl apre manm lan te prezante l antanke yon envite. Si manm nan kite lokal la nenpòt lè, Moun k ap sèvi a pa kapab sèvi kliyan an ankò epi kliyan an dwe kite lokal la tou.

34. Èske moun ki gen lisans klèb yo ka limite, distenje oswa fè diskriminasyon kont manm yo konsènan aksè nan sèten zòn nan lokal la?

Non. Okenn klèb ki gen lisans, eksepte yon klèb ki klèman prive, pa ka fè diskriminasyon oswa distenksyon oswa mete restriksyon akoz ras, koulè, kwayans reliye, nasyonalite, orijin, sèks, oryantasyon seksyèl, andikap fizik oswa mantal, asandans, ki gen rapò ak admisyon yon moun nan klèb la, oswa admisyon nan lokal la kòm yon envite oswa fason yo trete yon manm oswa envite nan lokal klèb la.

35. Ki sa ki detèmine si yon klèb klèman prive?

Desizyon pou konnen si yon klèb klèman prive baze pam i lòt bagay, sou kritè sa yo:

- 1) Nan ki pwen enstalasyon klèb, lisans alkòl oswa yo itilize toude pou rezon komèsyal;
- 2) Manm klèb la plis pase 200 moun;
- 3) Disponibilite nan sèvis repa ak bwason regilye nan lokal la;
- 4) Nan ki pwen klèb la resevwa peman pou kotizasyon, frè, itilizasyon espas, enstalasyon, sèvis, manje oswa bwason dirèkteman oswa endirèkteman nan men oswa nan non moun ki pa manm pou komèsyalize oswa biznis oswa enterè pwofesyonèl;
- 5) Frekans kote lokal la oswa yon pati ladan I itilize pou konferans ak reyinyon patwone oswa nan non antrepriz komèsyal oswa pwofesyonèl;
- 6) Nan ki pwen enstalasyon klèb, tankou sèvis manje ak bwason, moun ki pa manm yo itilize;
- 7) Nan ki pwen yo chwazi moun yo pou vin manm klèb ki baze sou biznis, pwofesyonèl oswa asosyasyon siksè;
- 8) Kantite patnè, ofisyè, direktè oswa administratè antrepriz komèsyal oswa pwofesyonèl ki manm; epi
- 9) Pwopriyetè klèb la, atravè kontra lwave oswa otreman, nan nenpòt enterè nan pwopriyete reyèl yon antite gouvènman oswa minisipalite posede.

AMAND, BÒDWO BOUTÈY AK PLIZYÈ LÒT ENFÒMASYON

36. Èske CCBA oblige aksepte yon amann nan men yon moun ki gen lisans antanke yon òf an konpwomi olye de yon sispanasyon?

Non. ABCC ka aksepte yon òf nan konpwomi olye yon Sispansyon selon Seksyon 23 nan men yon moun ki gen lisans oswa yon Sètifikasi Konfòm (yon founisè deyò Eta a) si li mande pou ABCC aksepte òf sa a an konpwomi nan ven (20) jou kalandriye suivan avi yon sispanasyon lisans ABCC te fè. Amann pou peye a kalkile dapre fòmil ki tabli nan atik 23 a: senkant poustan nan pwofi brit chak jou miltipliye pa kantite jou sispanasyon lisans lan, pwofi a fèt antanke yon resi nan lavant bwason alkòl ki koute mwen chè nan fakti pou machandiz ki vann pa jou. Pa gen okenn fason amann lan ka mwens pase \$40.00 pa jou. Lè

akseptasyon fòmilè amann altènatif la ak peman CCBA fè a, moun ki gen lisans lan renonse nenpòt dwa pou fè apèl devan Tribunal Siperyè a.

Yo ta dwe remake LLAs pa otorize pou aksepte "amann ranplasan".

37. Èske yon bar, restoran oswa otèl ka ofri yon bwason gratis?

Non. Yon bar, restoran oswa otèl pa ka ofri yon bwason gratis. Sepandan, yon bar, restoran oswa otèl ka gen yon bwason kòm yon pati nan yon repa nan sèten sikostans. Yo ta dwe konsilte Règ "Lè Aperitif" ABCC a ak Avi 23 Novanm 2009 la pou plis enfòmasyon.

38. Èske yon bar, yon restoran oswa yon otèl ka ogmante pri bwason ki gen alkòl nan nwit lè gen show?

Non. Yo dwe vann bwason ki gen alkòl bay tout moun a menm pri pandan yon semèn pwogram.

A

§ 12 Moun ki gen yon lisans pou konsome sou plas la pa ka modifye pri li yo - moute oswa desann - pandan semèn nan.

39. Èske resipyen glasyè diven yo rambousab dapre Lwa sou boutèy?

Non. Malgre yo te fè plizyè tantativ pou mete resipyen pou glasyè diven nan dispozisyon ki nan Lwa boutèy yo, jiska kounye a li pa obligatwa pou achte yo.

40. Èske yon revandè oblige lave boutèy yo anvan I resevwa depo senk santim nan?

Non. Yon revandè ka refize aksepte resipyen bwason ki pa nan kondisyon akseptab. "Kondisyon akseptab la" depann de kalite vesò a:

- 1) Pou li akseptab, yon vesò an vè ki renouvlab dwe kapab kenbe likid, li ka refèmen, li dwe nan fòm orijinal li, li pa dwe kraze oswa fann.
- 2) Yon vesò bwason ki fèt an vid ki pa ka ranpli ankò ka gen mak, men anba li pa dwe fann oswa kraze pou li akseptab.
- 3) Yo dwe idantifye fasilman bwat metal ak boutèy yo epi yo dwe entak pou yo aksepte yo.

Yon revandè ka refize aksepte yon vesò ki pa nan yon kondisyon rezonab ak pwòpte. Tout resipyen yo dwe san materyèl biza, tankou papye, baton ak sigarèt Yon revandè ka refize aksepte yon vesò ki pa vid. Lwa eta a di yon vesò "pa vid" si vesò a "genyen nenpòt kantite likid." Yon revandè ka refize aksepte yon bwat metal ki diferan anpil nan fòm orijinal li.

41. Èske yon revandè ka limite kantite resipyen ki ka retounen pou aksepte nan men yon sèl moun?

Wi. Yon revandè ka refize aksepte plis pase 120 pakè nan yon peryòd 24 èdtan nan men menm moun nan; sepandan, ou ka chwazi aksepte plis.

42. Èske yo moun ki gen lisans ka chanje manadjè, moun ki fè aksyon, ofisyè, direktè, mèt yon pati nan lisans lan oswa pran yon nouvo patnè oswa envestisè nenpòt lè?

Non. Nenpòt chanjman ki genyen sou yon manadjè ki gen lisans, moun ki fè aksyon, ofisyè, direktè, chanjman nan enterè pou benefisyè oswa ajoute yon nouvo patnè oswa envestisè pa legal sòf si e jiskaske LLA ak ABAA apwouve nouvo moun nan (yo).

43. Kilè mwen ka kòmanse vann epi pèmèt kliyan mwen yo konsome bwason ki gen alkòl sou nouvo teras mwen an?

Moun ki gen lisans la pa dwe otorize okenn vant oswa konsomasyon bwason ki gen alkòl nan zòn teras la, sof si e jiskaske LLA ak ABCC apwouve chanjman nan lokal li yo, epi yo bay yon nouvo lisans ki gen chanjman (ak chanjman ki apwouve yo ajoute nan deskripsyon lokal la).

44. Èske yo ka bay oswa otorize pèmi yon jou oswa yon BYOB nan lokal ki kouvri atravè yon pèmi sezón pandan peryòd kote pèmi sezón an inaktif?

LLA etabli tèm aktyèl la kote yon moun ki gen lisans tanporè ka opere LLA a ka pèmèt yon moun ki gen lisans tanporè fonksyone jiska 15 janvye (pa egzanp, moun ki gen lisans tanporè ouvri 1ye avril 2018 epi li ka opere jiska 15 janvye 2019). Sepandan, yo pa ka bay oswa otorize okenn lisans pou yon sèl jou nan lokal sa a ki gen lisans pandan peryòd repo 16 janvye rive 31 mas.

45. Si manadjè mwen an ki gen lisans lan demisyone oswa kite, èske lisans alkòl mwen an otomatikman anile?

Non. Malgre yon moun ki gen lisans dwe toujou gen yon manadjè ki gen lisans ki apwouve pou kontwole operasyon lisans alkòl, absans manadjè lisans ki apwouve pa anile otomatikman oswa l pa afekte estati lisans la nan okenn fason. Moun ki gen lisans la oblige aplike nan LLA ak ABCC pou yon chanjman manadjè imedyatman.

46. Kòman mwen ka wè dosye publik yon moun ki gen lisans?

ABCC respekte règ ak regleman Sekretè Commonwealth Massachusetts konsènan demann ak enspeksyon dosye publik yo. An jeneral, yo dwe fè yon demann alekri bay ABCC, epi li dwe genyen yon deskripsiyon ki detaye sou enfòmasyon w ap chèche a. Lè sa a, CCBA a pral bay yon repons nan dis (10) jou, ki gen ladan pri pwodiksyon an, si sa aplikab. Tanpri sonje yo pral eliminate dokiman ki pa soumèt nan lwa dosye publik yo.

47. Mwen se yon benefisyè e yon moun ki gen lisans dwe m kob. Mwen te aprann moun ki gen lisans lan te aplike pou transfere lisans li. Èske ABCC ka sispann transfè a jiskaske l peye m?

Non. Pou anpeche transfè yon lisans ki baze sou yon dèt ki poko peye yon moun oswa yon biznis, moun oswa biznis la dwe jwenn yon kòmand nan men yon tribunal ki anpeche moun ki gen lisans lan transfere lisans lan. Lè sa a, sèlman yon jij ka leve lòd la epi pèmèt transfè a.

Ou dwe konnen yon pati ka jwenn yon pèmisyon anba lwa a. R. Civ. P. 4.1 Kont yon lisans LLA bay, yo pa entèdi pou vann oswa transfere yon lisans men yo dwe sèlman chaje l. Se poutèt sa, ABCC a pa ka anpeche yo vann oswa transfere yon lisans ki baze sou demand sèlman. Se sèlman yon òdonans tribunal ak/oswa yon desizyon ki ka entèdi vann oswa transfere lisans lan sifi pou sispann vann oswa transfere yon lisans.

**48. Èske otorite lokal lisans yo ka entèdi yon boutik (§ 15) ki vann "nips", sa vle di pwodwi yo itilize yon sèl fwa
Boutèt byè, elatriye?**

Wi, yon LLA ka mete restriksyon sou lisans magazen pakè § 15 li pou entèdi vann "nips" ak boutèy byè endividyyèl.

LISANS ETA POU ALKÒL

Kesyon Jeneral

49. Èske CCBA bay segman yo lisans dirèkteman nan endistri bwason ki gen alkòl?

Wi. ABCC se sèl otorite ki bay tout lisans eksepte pou vant an detay ak kèk lisans pou "yon jou". Sa a gen ladan lisans manifakti (ki gen ladan diven, brasri ak distilri), grosist/enpòtatè, tren, konpayi avyon, bato, founisè bato ak transpòtatè. Se sèl otorite pou bay lisans pou transpòte alkòl pou konpayi eksprès oswa kamyon, bato, tren, transpòtatè ak konpayi avyon. Yo otorize tou vandè ki anplwaye machann ak enpòtatè, medyatè, kiltivatè diven, kiltivatè distilatè ak kiltivatè brasè.

Lisans kiltivatè yo

50. Èske yon pwodiktè ka vann diven li yo yon fwa oswa nan yon mache ki gen pwodiktè?

Dapre Seksyon 15F, yon LLA gendwa bay lisans pou yon kiltivatè ki gen lisans dapre Seksyon 19B oswa ki gen lisans nan yon lòt eta, pou l vann diven pou konsomasyon nan yon evènman agrikòl andedan oswa deyò, depi yo satisfè kondisyon ki nan seksyon 15F yo. Yon moun ki gen lisans dapre seksyon sa a ka ofri echantyon diven gratis pou kliyan potansyèl yo nan evènman agrikòl la.

Premyèman, Depatman Resous Agrikòl Massachusetts dwe klase evènman an antanke yon "evènman agrikòl." Apre sa, LLA pral detèmine si yo konsidere yon aplikasyon pou lisans pou yon "evènman agrikòl". LLA a pral konsidere plizyè faktè pou detèmine si yon evènman kalifye kòm yon "evènman agrikòl". Evènman agrikòl anjeneral gen ladan mache pwodiktè yo ak fwa agrikòl. Yo bay kalite lisans sa a nan sèl diskresyon LLA a epi li pa bezwen apwobasyon ABCC, men li pa ka rekouri okenn zòn oswa lokal ki deja kouvri atravè yon lisans ki egziste deja.

51. Ki diferans ki genyen ant yon brasri nan yon bar ak yon brasri agrikòl?

Atik 19C Lisans Brasri Agrikòl pèmèt titilè a pwodui epi vann bwason malta.

(a) pou vann kèk lòt moun ki gen lisans an gwo; (b) pou vann an gwo a nenpòt moun nan nenpòt eta oswa peyi etranje; epi (c) pou vann boutèy an detay bay konsomatè yo pou konsomasyon nan lokal brasri a.

Nan yon lòt bò, yon lisans brasri nan seksyon 19D otorize moun ki gen lisans lan pou pwodwi bwason malta epi vann yo an detay bay konsomatè yo pou konsomasyon nan lokal brasri a.

52. Èske mwen ka gen brasri mwen an, distilri a ak brasri mwen an sou menm sit la?

Si w vle gen yon kiltivatè brasri, yon kiltivatè distilri, ak yon kiltivatè diven nan menm kote, chak biznis dwe aji antanke pati ki separe e differan nan pwopriyete a. Nan lòt mo, chak lisans ta endike yon pati differan nan pwopriyete a rezèvè yon brasri, distilri oswa diven. Yo pa ka rekoutri lokal chak lisans. Sepandan, yon moun ki gen lisans ki gen plis pase yon kalite Lisans Seri Agrikòl ka aplike pou yon pèmi § 19H e sa pral pèmèt nenpòt likè ki pwodui atravè li men (oswa pou li epi ki vann anba mak li) pou vann pou konsomasyon sou plas la nan nenpòt nan Lokal Seri Agrikòl li yo ak Jaden rezen/Tè agrikòl li yo, toutotan Jaden rezen/Tè agrikòl moun ki gen Lisans lan opere youn ak lòt.

53. Mwen ta renmen pwodwi Cider Pou ki kalite lisans mwen ta dwe aplike?

Yo konsidere Cider antanke diven dapre atik 1 ak 19B, kidonk w ap bezwen aplike pou yon lisans diven agrikòl.

54. Ki pèmi mwen bezwen pou m vann byè/alkòl nan yon mache agrikòl?

Yo pa ka vann bwason malta ak bwason ki gen alkòl nan mache kiltivatè yo. Dapre seksyon 15F la, se sèlman diven ki pwodui nan diven agrikòl yo ka vann nan mache kiltivatè yo. Pou yon kiltivatè diven vann diven nan mache kiltivatè yo, yo dwe gen yon lisans espesyal, yo ka jwenn aplikasyon an sou sitwèb ABCC la.

55. Ki diferans ki genyen ant yon lisans Seri kiltivatè yo (Brasri/Winery/Distilri) ak yon Lisans manifakti?

Yon lisans Brasri agrikòl § 19C se yon lisans ki otorize pwodiksyon bwason malta ki soti nan fèmantasyon malta avèk oswa san grenn sereyal oswa sik fèmantab oswa ki soti nan ouplib, depi fèmye-brasè a kiltive ouplib oswa grenn sa yo epi vann yo an gwo bay manifakti, vandè, kiltivatè-brasri, ak detayan ki gen lisans nan Massachusetts e li vann yo an gwo bay lòt achtè ki espesifye nan lwa eta a, e an detay nan boutèy la pou konsomasyon andeyò lokal la.

Yon Lisans kiltivatè § 19B se yon lisans pou pwodui, rektifye, melanje, oswa fòtifye diven ki soti nan fwi, flè, remèd fèy, oswa legim epi vann li bay vandè ki gen lisans nan Massachusetts, moun ki nan yon eta oswa teritwa kote lalwa pa entèdi enpòtasyon ak vann diven an detay oswa an gwo ak an gwo pou yon moun nan yon peyi etranje.

Yon lisans kiltivatè pou pwodwi § 19E se yon lisans ki otorize pwodiksyon, fabrike oswa distilasyon bwason distile atravè moun ki kiltive fwi, flè, remèd fèy, legim, grenn oswa fèy oublon yon fason pou pwodui bwason ki gen alkòl. Yon distilri agrikòl ka vann an gwo nan distilri agrikòl ki gen lisans, manifakti, machann, ak vandè ki gen lisans nan Massachusetts, an gwo bay lòt achtè ki espesifye nan lwa eta a, epi an detay nan boutèy pou konsomasyon deyò lokal la.

Yon lisans manifakti § 19 otorize pou fabrike, redrese oswa melanje tout kalite bwason ki gen alkòl (oswa diven ak bwason malte) ak vann bwason ki fabrike, rektifye oswa melanje ak lòt fabrikan, machann ak vandè ki gen lisans nan Massachusetts.

SÈTIKIKA APWOBASYON

56. Èske yon founisè/manifakti deyò eta (moun ki gen yon sètifikasi apwobasyon) kapab vann dirèkteman a yon detayan?

Non. Yon founisè/manifakti ki deyò eta (ki gen yon Sètifikasi apwobasyon dapre Seksyon 18B) kapab vann bwason ki gen alkòl yo sèlman bay vandè ki gen lisans nan Massachusetts.

57. Èske Massachusetts egzije anrejistreman mak komèsyal?

Massachusetts pa mande pou anrejistre mak komèsyal.

LIVREZON ALKÒL DIRÈK POU KONSOMATÈ YO

58. Èske founisè ki deyò eta yo ka voye byè oswa alkòl dirèkteman bay konsomatè nan Massachusetts?

Non. Sèlman lè gen transpò deyò eta a y ap kapab jwenn yon lisans dirèk pou fè livrezon dapre Seksyon 19F ki pèmèt yo voye dirèkteman bay konsomatè nan Massachusetts. Lisans agrikòl diven Leta otorize dapre atik 19B a kapab aplike pou lisans sa a tou.

Pou plis detay, gade konsèy ABCC 21 Novanm 2014 sou diven yo livre dirèkteman.

59. Èske yon moun ki gen lisans pou fè livrezon dirèk ka aplike pou yon pèmi vandè?

Non, moun ki gen lisans dirèk pou diven pa ka jwenn pèmi vandè.

SALAMANJE

60. Antanke yon founisè sèvis restoran ki gen lisans dapre seksyon 12C, ki moun mwen bezwen kontakte anvan lè gen evènman nan restoran an?

48 èdtan anvan evènman an, founisè a dwe avize chèf lapolis lokal la ak Otorite Lisans Lokal la alekri sou evènman an. Ou dwe mete yon kopi lisans Ospitalite § 12C ou a, yon kopi asirans responsabilite bwason ou a ak detay kontak ijans manadjè lisans § 12C a.

61. Èske mwen ka achte alkòl mwen nan yon magazen pake?

Non, sèvis Restorasyon dwe achte pwodwi yo nan men yon vandè ak/oswa distribitè ki gen otorizasyon nan Massachusetts.

BATO

62. Èske gen règ sou sèvi bwason ki gen alkòl sou yon bato?

Wi. Regleman sa a twouve I nan 204 CMR 19.00. Règ sa yo gen ladan restriksyon jeneral tankou:

- 1) Tout bwason ki gen alkòl ka vann oswa fè livrezon sèlman ant 8:00 a.m. ak 12:30 p.m. lendi jiska samdi ak ant 11:00 a.m. ak 12:30 p.m. dimanch.
- 2) Bwason ki gen alkòl p ap vann oswa livre bay pasaje yo nan waf la oswa plis pase 15 minit anvan yo depoze I, sof si ABCC bay pèmisyon espesifik alekri.
- 3) Pou vwayaj ki gen plis pase dezèdtan, li entèdi pou vann oswa livre bwason ki gen alkòl bay pasaje yo nan trant minit anvan yo rive nan waf la.

63. Èske pasaje yo limite nan kantite bwason yo ka genyen yon sèl fwa sou yon bato ki gen lisans?

Wi. Yo p ap vann, bay oswa posede plis pase de bwason pou chak pasaje alafwa. Regleman lè aperitif la ("happy hour"), 204 CMR 4.00, aplike pou bato yo.

64. Èske pasaje yo ka pote pwòp bwason ki gen alkòl yo abò yon bato ki gen lisans k ap fè kwazyè nan Boston Harbor?

Non. Yo entèdi pasaje yo pote pwòp bwason ki gen alkòl abò bato a pou pwòp konsomasyon yo. Pasaje yo ka sèlman konsome bwason ki gen alkòl abò yon bato moun ki gen lisans bato a vann.

65. Èske yon kòmandan ka sispann sèvis bwason ki gen alkòl sou bato a nenpòt ki lè?

Wi. Pa gen okenn nan regleman ABCC yo ki limite nan okenn fason sou pouvwa ak otorite mèt yon bato anba Lwa Lanmè. Se poutèt sa, li ka bay lòd pou sispann sèvis bwason ki gen alkòl sou bato a nenpòt lè.

66. Èske yon pwopriyetè bato ki gen lisans ka mande yon founisè byè patwone yon kwazyè?

Non. Regleman ABCC 204 CMR 19.11 deklare "pa gen okenn manifakti Massachusetts, enpòtatè, vandè, moun ki posede sètifica apwobasyon, oswa lòt lisans pa dwe patwone dirèkteman oswa endirèkteman, ankouraje, oswa fè publisite oswa itilize non li oswa non komèsyal oswa mak komèsyal nenpòt bwason ki gen alkòl an koneksyon ak nenpòt kwazyè oswa evènman publik oswa prive abò yon bato. Okenn bato p ap pèmèt oswa aksepte lajan pou parennaj, pwomosyon oswa publisite sa yo.

67. Èske yon pwopriyetè bato ki gen lisans ka achte bwason nan yon magazen anbalaj pou okipe yon apèl ijans nan men yon kapitèn ki nan lanmè e ki bezwen bwason alkoolize ak livrezon imedya?

Non. Yon bato ki gen lisans pa ka achte alkòl nan yon magazen anbalaj pou satisfè bezwen yon bato. Founisè bato yo ka achte alkòl sèlman nan yon "sous ki gen lisans," sa vle di, yon vandè Massachusetts (ki gen lisans dapre seksyon 18 la), yon pwodiktè diven (ki gen lisans dapre seksyon 19B a), yon pwodiktè likè oswa brasri (ki gen lisans dapre Seksyon 19C) oswa vidanj (ki gen lisans dapre Seksyon 19E a).

TRANSPÒ RAPID

68. Èske gen pèmi yon jou pou yon sèl chajman?

Pa gen pèmi yon sèl jou pou chajman ki inik yo. Pèmi Transpò Eksprès la valab pou yon ane kalandriye epi li ekspire nan dat 31 desanm ane sa a.

69. Èske mwen oblige bay anrejistreman chak machin?

CCBA a pa egzije enfòmasyon anrejistreman nan machin ou ta renmen jwenn lisans lan.

70. Konbyen yon pèmi transpò eksprès koute?

Frè prensipal la se \$150.00 e frè pou chak kopi sètifikasyon se \$50.00. Si pa egzanp, ou vle jwenn yon pèmi, frè total la se \$200.00.

TRANSPOTASYON AK LIVREZON

71. Èske yon distribitè ka jwenn yon pèmi transpò pou transfere pwodwi soti nan yon magazen anbalaj al nan yon lòt?

Non. Pwodui vandè a delivre a dwe rete nan lokal magazen anbalaj ki te kòmande bwason ki gen alkoolik yo.

KOUTYE

72. Èske mwen bezwen yon lisans pou transpòte echantyon yo?

Yon koutye pa ka transpòte echantyon yo. Sepandan, yon ajans ka fè kontra ak yon vandè ki gen lisans ki ka transpòte echantyon yo.

73. Èske mwen ka kòmande distribitè a oswa nan evènman yo?

Yon ajans pa ka vann an detay okenn bwason; li kapab vann sèlman vandè yo.

74. Ki sa ki "Solisitasyon Kòmand yo"? Èske mwen bezwen yon lisans ajans?

Pou fè kòmand, yo mande yon lisans koutye ki otorize dapre Seksyon 18A nan Chapit 138 la.

Yon solitasyon se nenpòt demann dirèk oswa endirèk pou kòmande bwason ki gen alkòl. Sa gen ladan:

- 1) nenpòt demann aloral ki fèt an pèsòn, atravè telefòn, radyo oswa televizyon oswa atravè nenpòt lòt mwayen publisite oswa komunikasyon;
- 2) nenpòt demann alekri ki anrejistre oswa publike yon lòt fason yo afiche, voye, delivre, sikile, distribye, parèt nan yon plas pubblik, oswa anonse oswa kominiye atravè laprès, telegraf, televizyon oswa lòt medya;
- 3) nenpòt vant, òf oswa tantativ pou vann nenpòt reklam, espas publisite, parennaj, liv, kat, chans, koupon, aparèy, manje, magazin, machandiz, jounal, abònman, tikè oswa nenpòt lòt sèvis oswa byen mèb, bagay oswa atik ki gen valè; oswa

- 4) nenpòt reklam ki mande piblik la asiste yon reyinyon, asanble, evènman espòtif oswa konpetisyon, kanaval, sik, konsè, konkou, dans, amizman, egzibisyon, jwèt, konferans, repa, fèt, espektak, rasanbleman sosyal oswa nenpòt lòt pèfòmans oswa nenpòt kalite evènman.

VANDÈ

75. Ki prèv rezidans Massachusetts aksepte?

Dokiman sa yo se prèv fòmilè akseptab rezidans Massachusetts:

- 1) Lisans pou aprann nan Massachusetts, lisans chofè Massachusetts, oswa kat idantite gouvènman an;
- 2) Yon bòdwo sèvis piblik ki ajou (gaz, kouran elektrik, telefòn, oswa kab) sou non w, afiche nan adrès Massachusetts ou, epi l pa gen plis pase 30 jou. Sa a kapab yon fakti yo voye pou ou atravè lapòs oswa yon fakti sou entènèt ou te enprime; ak
- 3) Akò ipotèk, lokasyon oswa prè imobiliye a ak non kliyan an, adrès rezidansyèl ak siyati (12 mwa apre aplikasyon an).

76. Èske mwen dwe yon sitwayen ameriken pou vin yon vandè?

Non. Ou pa bezwen yon sitwayen ameriken pou w ka jwenn yon Lisans Vandè Seksyon 19A.

77. Ki enstriksyon yo te itilize pou pran echantyon nan anbalaj magazen an?

Yo ka jwenn gid yo nan § 15 lan.

PÈMISYON ESPESYAL

78. Ki limit bwason ki gen alkòl mwen ka pote pou itilizasyon pèsonèl mwen ak koleksyon mwen?

Si w vle transpòte likè nan Massachusetts pou pwòp itilizasyon pa w ak fanmi w ak envite yo san yon lisans oswa yon pèmi, ou ka transpòte nenpòt lè jiska ven galon bwason malta, twa galon nenpòt lòt bwason likè oswa yon galon alkòl distile.

79. Èske mwen bezwen yon lisans pou enpòte materyèl likè pèsonèl mwen nan Massachusetts?

Si w vle enpòte pwovizyon alkòl pèsonèl ou nan Massachusetts pou itilizasyon pèsonèl epi pa pou revann, ou dwe aplike pou yon pèmi dapre seksyon 22A chapit 138. Pa gen limit nan kantite alkòl pèsonèl ou posede ou ka enpòte anba pèmi sa a.

80. E si mwen poko gen yon adrès Massachusetts?

Si w poko gen yon adrès Massachusetts epi w vle pote koleksyon alkòl pèsonèl ou, ekri yon lèt bay komisyon an pou eksplike sitiyasyon w epi komisyon an pral jere chak demann yo ka pa ka.

81. Ki moun m ka vann alkòl mwen an lè mwen jwenn pèmi a?

Lè yon moun ki gen lisans an detay (boutik anbalaj oswa restoran/ba) ap soti nan biznis, moun ki gen lisans lan ka aplike nan ABCC pou yon pèmi likidasyon espesyal pou vann envantè yo. Lè I jwenn pèmisyon nan ABCC, moun ki gen lisans lan ka vann alkòl yo bay nenpòt lòt moun ki gen lisans (boutik anbalaj oswa restoran/bar). Moun ki gen lisans lan kapab remèt vandè yo aksyon li yo tou. Ou ka jwenn aplikasyon pou pèmi a sou sitwèb ABCC.

Kesyon moun yo poze souvan sou Kanabis ak Alkòl

82. Eske m ka vann yon kòktèl ki melanje ak Kanabib epi alkòl ?

Li pa legal nan Massachusetts pou mete pwodwi ki fèt ak kanabis nan bwason ki gen alkòl yo. Sa gen ladan 1 tou kanabinoyid li menm ki bay kanabidyòl (“KBD”) ak tetraidoakanabinòl (“TIK”). Yo pa ka itilize pwodwi sa yo lè n ap fè bwason ki gen alkòl epi yo pa ni pou vann, ni pou fè livrezon oubyen genyen yo nan local ki otorize nan Commonwealth.

83. Eske m kapab ka vann pwodwi ki sòti nan kanabis nan magazen m an detay oubyen nan nan etablisman m ki gen lisans pou vann pwodwi yon fason enfòmèl?

Vann pwodwi ki gen kanabis ladan 1 nan etablisman ki gen lisans legal, amwenske yo pa mete kanabis nan pwodwi ki gen alkòl yo. Nou envite moun ki gen lisans yo pou yo kontakte Komisyon k ap kontwole kanabis pou yok a jwenn plis enfòmasyon.

84. Eske m ka sèvi manje ki fèt ak kanabis nan etablisman m ki gen lisans pou manje lapoula?
ABCC a pa jere preparasyon ni li pa bay sèvis manje nan etablisman ki gen lisans yo; men, moun ki gen lisans yo dwe konfòme y oak tout lwa ki gen rapò ak restoran epi kanabis. Moun ki gen lisans ki ta renmen fè manje epi sèvi manje ki gen kanabis ladan 1 dwe antre an kontak ak Komisyon k ap kontwole kanabis epi ak Konsèy Sante local la pou li jwenn konsèy..

85. Eske m ka kite yon moun manje oubyen bwè yon pwodwi ki gen kanabis nan local mwen an ki gen yon lisans ?

Massachusetts Liquor Control Act pa entèdi konsomasyon kanabis nan etablisman ki gen yon lisans. Men, gen lòt lwa ki ka kont sa a. Nou envite moun ki gen lisans yo pou yo kontakte Komisyon k ap kontwole kanabis la ak Konsèy Sante Lokal pou yo jwenn plis konsèy.

86. Eske gen yon kondanasyon pou mariwana ki entèdi yon moun gen lisans pou alkòl
Lalwa entèdi moun ki gen lisans “magazen koli yo” deyò etablisman an, yo kondane yo pou krim. Si ou te kondane pouk rim ki gen rapò ak mariwana, li entèdi pou jwenn yon lisans magazen ki vann an detay. Deli yo pa nan entèdiksyon sa a.

Pou tout lòt demann lisans, pa gen entèdiksyon legal konsènan sa ki gen pou wè ak mariwana.

87. Eske m dwe mete tout enfòmasyon sou kondanasyon ki gen pou wè ak mariwana nan demann lisans pou alkòl mwen an ?

Tout kondanasyon yo, sa gen ladan l kondanasyon pou mariwana, dwe mansyone nan demann lisans ou an, amwenske li pa t gen so sou li.

88. Eske m ka itilize alkòl pou fè ti koulè kanabis?

Massachusetts Liquor Control Act pa entèdi itilizasyon alkòl lè y ap fè ti koulè kanabis. Nan règleman Komisyon k ap kontwole kanabis la se “yon alkòl konsantre oubyen yon lwil ki sòti nan kanabis , se nan bouch yon moun dwe pran yon ti kantite grasa yon tib ki gout oubyen ak yon enstriman ki ka mezire”. Kiyè.”

Nou envite fabrikan yo pou yo antre an kontak ak Komisyon k ap Kontwole kanabis pou yo jwenn plis enfòmasyon.